



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL REVELE MIZAJOU SOU BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2026
LA: PLIS LAJAN NAN PÒCH OU**

Pwogram Aksesibilite Gouvènè a ap remete 5 milya dola nan pòch Nouyòkè yo ak yon diminisyon taks pou klas mwayèn nan, ranbouse pri enklasyon an epi ogmante kredi enpo pou timoun

Gouvènè a pwopoze bidjè ekilibre a san okenn nouvo ogmantasyon taks; Eta a gen 21 milya dola nan rezèv pou yon 'Move Jou'

Priyoreze sekirite piblik ak 370 milyon dola nan prevansyon vyolans ak zam, 77 milyon dola pou ogmantasyon fòs lòd yo pandan si mwa nan metwo Vil Nouyòk yo; Nouvo lejislasyon an ta rasyonnalize pwosesis dekouvèt la

Atake kriz lojman an ak jiska 760.5 milyon dola pou kominote pwo-lojman yo, 100 milyon dola pou ede moun k ap achte pou premye fwa yo; Gouvènè a te angaje 1 milya dola pou inisyativ 'City of Yes' Vil Nouyòk la

Konsantre sou swen sante mantal ak chanjman lejislatif pou angajman envolontè ak Lwa Kendra a; investi 160 milyon dola pou 100 nouvo kabann mediko-legal pou pasyan psikyatrik yo

Fè pi gwo investisman klimatik nan listwa Eta Nouyòk: 1 milya dola pou akselere tranzisyon enèji pwòp nou an

Kreye lekòl san distraksyon ak restriksyon sou aparèy elektwonik nan klas matènèl rive nan 12yèm ane depi klòch la sonnen jiskaske lekòl lage; Bay plis pase 13 milyon dola nan lekòl yo pou pochèt, kazyè oswa lòt enfrastruktir ki nesesè

Investi 3 milya dola nan lopital Net Sefety ki sèvi Nouyòkè ki a risk yo; Evalyasyon Òganizasyon Swen Administe yo ap bay 1.6 milya dola finansman federal

Dokiman konplè bidjè a [disponib isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te revele plan li pou fè Nouyòk vin pi aksesib epi pi sekirize pandan li te devwale Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2026 la. Bidjè a ap bay plis pase 5 milya dola diminisyon taks, kredi, ak ranbousman pou fanmi Nouyòk yo, pandan l ap fè investisman rekò nan edikasyon ak swen sante epi konsève 21 milyon dola nan rezèv.

"Yon bidjè se plis pase chif sou yon paj sèlman – li endike istwa sou kilès nou ye, kisa nou vo, ak poukisa n ap goumen. Epi kite m di l klè: fanmi ou se konba mwen,"

Gouvènè Hochul te deklare. "Bidjè ane sa ap remete lajan nan pòch Nouyòkè yo epi fè ri ak metwo nou yo vin pi an sekirite. Lè nou travay ansanm ak patnè mwen yo nan Lejislati a, nou ka reyalize sa epi fè Nouyòk vin pi bon kote nan peyi a pou elve yon fanmi."

Yon Bidjè ki Ekilibre

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal (Fiscal Year, FY) 2026 Gouvènè Hochul la genyen ladan l investisman rekò pou sipòte Nouyòkè yo — san yo pa ogmante taks sou revni yo. Koleksyon revni Eta a te ogmante a 6 pousan depi ane pase a e pou Ane Fiskal 2026 la, yo prevwa tout fon y ap depanse yo ap 252 milya dola, yon ogmantasyon 3.6 pousan. Gouvènè Hochul te priyore pou konsève rezèv Eta a, ki nan yon nivo rekò 21.1 milya dola pou si gen yon ralantisman sanzatann oswa "move jou." Sou lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk kontinye genyen yon evalyasyon obligasyon AA+ ki diminye depans sou prè yo.

Lajan nan pòch ou

Avèk kou lavi k ap kontinye ogmante, Pwogram Aksesibilite Gouvènè Hochul la ap remete 5 milya dola nan pòch Nouyòkè yo. Sa gen ladan:

- **3 milya dola** pou bay chèk Ranbousman sou Enflasyon a 8.6 milyon Nouyòkè, ki enkli 500 dola pou moun ki deklare ansanm ki fè mwens pase 300,000 dola ak 300 dola pou moun ki deklare kòm selibatè ki fè mwens pase 150,000 dola
- **1 milya dola** diminisyon enpo pou klas mwayèn nan atravè senk nan nèf tranch enpo Eta a, ki bese nan nivo ki pi ba yo depi apeprè 70 zan pou Nouyòkè ki deklare ansanm epi ki fè jiska 323,000 dola chak ane
- **825 milyon dola** pou ogmante Kredi Enpo pou Timoun ki gen plis pase de zan, ki bay paran ki kalifye yo 1,000 dola pou timoun ki gen mwens pase 4 an, ak 500 dola pou timoun ki gen laj 4-16 an
- **340 milyon dola** pou bay dejene gratis nan lekòl ak manje midi gratis nan lekòl pou chak elèv nan Nouyòk
- Lit pou **anilasyon total koleksyon Taks Eta ak Lokal**, ki koute Nouyòkè yo jiska 12 milya dola chak ane

Konbat Krim epi Kenbe Nouyòkè yo an Sekirite

Pandan pousantaj krim kontinye ap diminye nan pifò pati nan Nouyòk, Gouvènè Hochul ap double efò pou investi nan konba kont krim yo. Investisman sa yo gen ladan:

- **370 milyon dola** pou prevansyon vyolans ak zam ki pwouve ki diminye krim
- **290 milyon** pou amelyore efikasite sistèm jistis penal la atravè investisman nan fòs lòd, biwo pwokirè yo ak plis
- **77 milyon dola** pou yon deplwaman si mwa pou de ofisye NYPD sou chak tren metwo Vil Nouyòk ant 9:00 p.m. ak 5:00 a.m. ak yon prezans ranfòse fòs lòd yo

sou platfòm metwo yo, ki koresponn ak yon depans siplemantè 77 milyon dola ki soti nan Vil Nouyòk

- **35 milyon dola** pou pwoteje sit ki a risk yo kont krim lahèn atravè inisyativ Sekirize Komintote yo Kont Krim Hèn (Securing Communities Against Hate Crimes) lan
- **30 milyon** pou volontè depatman ponpye ak sèvis medikal ijans (emergency medical services, EMS) yo
- **13 milyon dola** pou tabli yon nouvo Syèj Sosyal pou Analiz Krim ak Kòmandman Operasyon Espesyal Konjwen (Crime Analysis and Joint Special Operations Command Headquarters, CA-JSOC) Eta a
- **8 milyon** pou ogmante prezans Lapolis Eta sou tout fwontyè Etazini-Kanada
- **5 milyon dola** pou anboche nouvo anplwaye fòs lòd nan Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) pou kontinye efò pou reprime vant san lisans yo
- **5 milyon dola** pou anboche epi fòme Ekspè nan Rekonesans Dwòg ak lejislasyon pou reprime moun k ap kondwi sou enfluyans dwòg yo
- Lejislasyon pou **rasjonalize pwosesis dekouvèt** la pou asire gen pwosè ki ekkitab, mete fen nan reta pwosedi yo epi rann kriminèl yo responsab

Konstui plis lojman.

Ane pase a, Gouvènè Hochul te travay ak Lejislati a pou adopte yon pwogram istorik sou lojman — lejislasyon ki pi konplè pou ogmante apwovizyonman depi apeprè 50 lane. Gouvènè Hochul ap kontinye goumen pou ogmante apwovizyonman lojman an ak:

- **1 milya dola** sou senk an pou sipòte konstriksyon lojman nan Vil Nouyòk atravè inisyativ “City of Yes”
- **760.5 milyon dola** finansman diskresyonè ki disponib pou Kominote Pwo-Lojman yo, ki enkli yon fon 100 milyon dola enfrastrikti ki eksklizivman pou 266 Kominote Pwo-Lojman ki sètifye ak lòt kominote ki rejwenn pwogram nan
- **250 milyon dola** pou konstui lojman sou tere Eta a atravè inisyativ Reamenajman Sit ki Mal Itilize (Redevelopment of Underutilized Sites for Housing, NY RUSH) yo
- **100 milyon dola** pou moun k ap achte kay premye fwa yo, ki enkli 50 milyon dola kapital pou mezon ba gam yo ak 50 milyon dola pou èd pou pèman inisyal
- **50 milyon dola** pou pwogram Resilient and Ready pou ede pwopriyetè kay ki afekte pa move tan yo
- **50 milyon dola** pou kreye premye Fon pou Prè Renouvlab pou favorize devlopman lojman pou lwaye revni miks ki pa nan Vil Nouyòk
- **30 million dola** lojman nan pri abòdab lè nou double kredi enpo ki disponib atravè Pwogram Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni ki (Low Income Housing Tax Credit Program, SLIHC) nan Eta Nouyòk, ke yo prevwa k ap jenere 210 milyon dola investisman prive

Lanse Kwasans Ekonomik

Sou lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk te rekipere tout travay ki te pèdi pandan pandemi an epi sekirize yon investisman 100 milyon dola nan Micron, pi gwo investisman prive nan listwa Amerik la. Pou apiye kwasans ekonomik sa, Gouvènè Hochul ap pwopoze:

- **750 milyon dola** pwojè devlopman ekonomik ki sèvi kominote atravè Nouyòk yo, tankou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) ak Fon pou Devlopman Ekonomik Travo Nouyòk (New York Works Economic Development Fund)
- **400 milyon dola** pou premye envestis nan kalite sa nan Vil Albany pou ranfòse vil kapital eta nou an
- **300 milyon dola** pou kreye sit ki pare pou fabrikasyon avanse atravè Fon Fè Pwomosyon Opòtinite ak Preparasyon Elektrik pou Pwopriyote ki Mal Devlope (Electric Readiness for Underdeveloped Properties, POWER UP) yo
- **165 milyon dola** pou soulaje enpak pèman enterè ke yo t ap chaje anplwayè yo akòz dèt Fon Fidisyè Asirans Chomaj (Unemployment Insurance Trust Fund)
- **47 milyon dola** pou finanse kolèj kominotè gratis pou Nouyòkè ki gen laj 25-55 an k ap pouswiv diplòm ki gen demand tankou enfimye, teknoloji, ak jeni

Yon bon debi pou chak timoun nan Nouyòk

Gouvènè Hochul ap vanse pou pi devan ak yon pwopozisyon pou tout eta a pou enpoze restriksyon sou itilizasyon aparèy elektrik nan klas pou elèv matènèl rive nan 12yèm ane depi klòch la sone jiskaske lekòl lage nan New York. An menm tan, Gouvènè a ap kontinye envestisman rekò li yo nan edikasyon ak amelyorasyon ki responsab pou fòmil Èd pou Fondasyon an. Sa gen ladan:

- **37.4 milya dola** èd total pou lekòl, ki enkli **1.5 milya dola** Èd pou Fondasyon — k ap asire ke chak distri resevwa plis finansman pase ane pase a
- **1.8 milya dola** asistans pou swen timoun pou kontinye plan 7 milya dola Gouvènè a pou ogmante aksè nan swen timoun
- **1.3 milya dola** finansman kapital pou kolèj ak inivèsite piblik nan sistèm SUNY ak CUNY yo
- **110 milyon dola** pou renove sant swen timoun yo nan yon efò pou elimine abandon nan swen timoun yo
- **67.5 milyon dola** pou inisyativ Plas pou Aprantisaj, Aktivite ak Sosyalizasyon Jèn (Places for Learning, Activity and Youth Socialization, NY PLAYS) ak yon lòt **50 milyon dola** pou inisyativ Envestisman nan Tout Eta a nan Plis Natasyon (Statewide Investment in More Swimming, NY SWIMS).
- **64.6 milyon** pou Fon Opòtinite pou Inivèsite nan Lekòl Segondè (College in High School Opportunity Fund), ki ede elèv ki pa gen gwo mwayen yo gen aksè nan kredi inivèsite
- **13.5 milyon dola** pou sipòte tranzisyon nan klas san distraksyon, ede lekòl yo achte pochèt, kazye oswa lòt enfrastrikti
- **9.5 milyon dola** pou bay daypè ak lòt atik gratis pou paran timoun ki fèk fèt yo

Sipòte Swen Sante Mantal

De zan de sa, Gouvènè Hochul te goumen pou yon envestisman masif, 1 milya dola pou transfòme sistèm swen sante mantal la — e li te reyalize l. Gouvènè a ap pwopoze nouvo envestisman pou ranfòse swen sante mantal ki enkli:

- **160 milyon dola** pou kreye 100 nouvo kabann lopital nan psikiyatri mediko-legal nan Wards Island nan Vil Nouyòk

- **53 milyon dola** finansman pou sipòte ogmantasyon salè minimòm pou founisè sante mantal yo, founisè sèvis enfimite ak founisè sèvis adiksyon ke Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Biwo Moun ki Gen Twoub Devlopman (Office of People With Developmental Disabilities, OPWDD) ak Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Support, OASAS) yo otorize yo
- **27.8 milyon dola** pou sipòte moun ki gen maladi mantal grav atravè Tretman Anbilan Asiste (Assisted Outpatient Treatment, AOT), ogmante ekip Opsyon Sipò ki Sekirize (Safe Options Support, SOS) epi lanse nouvo sitabri 24/24 nan metwo Vil New York yo
- **14 milyon dola** pou devlope klèb sèvis swen sante mantal pou manman ak sèvis sante mantal pou jèn
- Nouvo lejislasyon pou **ranfòse lwa sou angajman envolontè Nouyòk ak Lwa Kendra a**, pou livre swen ak konpasyon pou sila ki pi bezwen li a.

Pi gwo investisman klimatik nan listwa Nouyòk

Gouvènè Hochul ap kontinye lidèchip mondyal sou aksyon klima New York la, ki pwopoze pi gwo investisman nan listwa Eta Nouyòk pou alimante kwasans kontini eta a ak kreyasyon travay. Sa ap enkli:

- **1 milya dola** pou tranzisyon enèji, ki enkli rezo enèji tèmik sou kanpis State University of New York (SUNY) yo, k ap modènize kay ki gen aparèy pwòp tankou ponp chalè, epi sipòte dekarbonizasyon biznis yo
- **500 milyon dola** pou enfrastruktir dlo pwòp ki sipòte sèvis idwolik minisipal yo, tretman dlo ize ak plis toujou
- **125 milyon dola** pou pwogram Sipè-fon Eta (State Superfund) pou modènize dechè danjere, ak yon reotorizasyon 10 zan pwogram Sipè-fon Eta a
- **108 milyon dola** pou konstui rezistans klimatik, ki enkli 78 milyon dola pou rezistans kotyè ak 30 milyon dola Sibvansyon pou Rezistans Ekolojik

Ranfòse sistèm swen sante nou an

Aprè li te antre an fonksyon nan mitan pandemi COVID-19 la, Gouvènè Hochul angaje pou fè investisman responsab pou pwoteje sante ak byennèt Nouyòkè yo. Ane sa, investisman sa yo ap genyen ladan yo:

- **35.4 milya dola** pou pwogram Medicaid la, ki enkli 1.6 milya dola ane sa kòm finansman feneral ki kreye atravè yon evalyasyon nan Òganizasyon Swen Administratif (Managed Care Organizations, MCO) yo
- **1.3 milya dola** pou sipòte Fon Transfòmasyon Safety Net la pou sipòte lopital k ap sèvi Nouyòkè a risk yo
- **800 milyon dola** pou amelyorasyon nan etablisman lopital SUNY yo.
- **694 milyon dola** pou mete anplas pwogram devlopman mendèv pou sipòte travayè swen sante, travayè sante konpòtmantal ak travayè swen sosyal yo
- **50 milyon dola** pou sipòte aksè nan avòtman epi pwoteje founisè yo kont vyolans ak asèlman

Investisman nan transpò ki pote transfòmasyon

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2026 la genyen ladan l'investisman pou diminye depلاسman yo epi investi nan wout, pon, ak amelyorasyon nan sekirite atravè Nouyòk ki enkli:

- **6.9 milya dola** pou plan kapital Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT)
- **1.3 milya dola** plan kapital pou repara wout ak pon lokal atravè Pwogram Amelyorasyon Konsolide Otowout (Consolidated Highway Improvement Program, CHIP) yo, inisyativ Kouvri Twou yo (Pave Our Potholes, POP) ak plis ankò
- **3 milya dola** finansman Eta a pou sipòte Pwogram Kapital 68.4 milya dola MTA a pwopoze pou 2025-2029
- **344 milyon dola** pou sistèm transpò an komen nan nò Eta a ak **588 milyon dola** pou sistèm transpò an komen nan sid Eta a ki pa MTA
- **25 milyon dola** pou planifikasyon ak amelyorasyon konsepsyon nan sèviz fewovye Hudson Valley, k ap travay pou diminye jiska 15 minit trajè pou kèk depلاسman

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)